

IZOLMAN NAN KAY LÈW GEN MALADI KOWOVIRIS 2019 (COVID-19)

Toujou tcheke avèk doktè ou sitou siw gen maladi kwonik.

Swen Anndan Lakay Ou


Pa gen okenn tretman espesifik pou viris ki lakòz COVID-19. Men kèk bagay ke ou ka fè pou ede ou vini miyò:

- Repoze
- Bwè anpil dlo
- Pran asetaminofèn (Tylenol®) pou diminye lafyèv ak doulè.
- Sonje ke timoun ki poko gen laj 2 ane yo pa dwe resevwa okenn medikaman pou grip san preskripsyon san yo pa pale avan ak yon doktè.
- Konen ke medikaman sa yo pa "geri" maladi a, epi yo pa anpeche w simaye mikwòb yo.

Chèche Swen Medikal

Chèche swen medikal rapid si sentòm ou yo vin pi mal, sitou siw gen pi gwo risk pouw gen maladi grav. Tankou moun ki gen laj 65 ane ak plis, fanm ansent, oswa moun ki gen yon pwoblèm sante tankou yon maladi kwonik, oswa moun sistèm iminite yo fèb.

Rele 911 si gen siy avètisman pou ijans sa yo:



Moun ki gen sentòm ki menase lavi yo dwe rele 911. Di pèsònèl ki reponn ou an ke ou gen COVID-19. Si li pa ijan, rele anvan ou vizite doktè ou, konsa ou ka anmezi pou jwenn konsèy nan telefòn.

Pwoteje Lòt Moun

Swiv pa ki anba sa yo pou ka ede anpeche maladi a gaye nan moun lakay ou ak nan kominote w la:

- Rete lakay eksepte pou jwenn swen medical
- Pa ale nan travay, ni lekòl, pa vizite zanmi / fanmiy oswa nan zòn piblik
- Rete lakay ou jiska 10 jou depi sentòm ou yo te parèt pou premye fwa, jiskaske ou genyen amelyorasyon omwen 72 èdtan san ou pa gen lafyèv epi ou pat itilize okenn medikaman pou diminye lafyèv la.
- Si ou dwe kite kay ou pou wè yon doktè pa itilize transpò piblik. Itilize yon machin pèsònèl si sa posib epi mete yon mask, kenbe vit fenèt machin yo desann epi chita ak yon distans de chofè a.
- Si ou pa gen yon moun pou ede ou, ou ka fè aranjman pou yo pote manje ak lòt nesosite yo devan pòt kay ou.. Si ou bezwen èd pou jwenn manje ak medikaman rele 2-1-1 oswa sèvis sosyal vil ou a.

Rete Lwen Lòt Moun

- Eseye rete nan pwòp chanm ou epi kite pòt la fèmen.
- Sèvi ak yon twalèt pou ou sèlman. Si sa pa posib, netwaye twalèt la aprèw fin itilize li. Si ou pa kapab netwaye twalèt la, moun ki netwaye twalèt la dwe mete yon mask ak gan.

IZOLMAN NAN KAY LÈW GEN MALADI KOWOVIRIS 2019 (COVID-19)

- Si ou pataje yon twalèt, raple tout moun pou fèmèn kouvèti a anvan yo flòch li.
- Si ou dwe kite chanm ou, rete omwen 6 pye avèk lòt moun.
- Louvri fenèt yo oswa itilize yon vantilatè oswa yon èkondisyone nan espas kew patage ak lòt moun, si sa posib, asire gen bon lè kap koule. Ou ka mete yon vantilatè fòm bwat nan yon fenèt fas anrevè pou ka kreye yon presyon negatif.
- Pa pèmèt vizitè lakay ou sòf si yo vin bay swen medikal. Ou bezwen mete yon mask.
- Pa manyen bèt kay oswa lòt bèt.
- Pa prepare ni sèvi lòt moun manje. Manje nan pwòp chanm ou lwen ak lòt moun. Atik sèvis manje ki pa jetab ta dwe itilize ak gan, epi lave yo avèk dlo cho oswa nan yon machin alave veso. Netwaye men ou apre ou fin manyen atik yo.

Metè yon Mask oswa Twal Mask lè ou Ozalantou lòt Moun

- Metè yon mask nan figiw lèw alantou lòt moun.
- Sèvi avèk mask ak prekosyon pou timoun yo. Tibebe ak timoun ki poko gen 2 ane pa dwe kouvri figi yo ak yon mask. Moun ki gen laj ant 2 ak 8 ane ta dwe itilize yo, men anba sipèvizyon granmoun e asire ke timoun nan ka respire san danje, pou evite timoun lan toufe oswa asfiksi. Timoun ki gen pwoblèm pou respire pa dwe kouvri figi yo ak yon mask.

Kouvri Tous ou ak Etènne

- Kouvri tous ou ak etènne ak yon tisi oswa nan manch rad ou.
- Jete tisi yo lèw fini itilize yo nan fatra epi lave men ou imedyatman.

Pa Pataje Atik Pèsonèl nan Kay la

- Pa pataje asyèt, gode, kiyè, kouto, fouchèt, sèvyèt, sigarèt oswa ekipman vapè ak lòt moun.

Netwaye Men ou Souvan

- Lave men ou souvan epi byen lave yo espesyalman aprè ou fin mouche nen ou, touse oswa etènne; lèw ale nan twalèt ak anvan ou manje oswa prepare manje
- Itilize savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si dlo ak savon pa disponib, netwaye men ou avèk yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl, pasel nan tout sifas men ou epi fwote yo jiskaske ou santi yo sèk. Itilize savon ak dlo si men ou sal.

Netwaye ak Dezenfekte Souvan tout Sifas ou Touche anpil

- Sifas kew manyen anpil yo enkli tab, manch pòt, enstalasyon twalèt, twalèt, telefòn, klavye, tablèt ak titab de nwit.
- Netwaye ak dezenfekte tout sifas ki ka gen likid ki sot nan kò moun sou yo.
- Itilize spwey pou netwaye kay ou ak dezenfektan oswa ti sèvyèt papyè mouye yo daprè enstriksyon ki sou etikèt la.

Lesiv

- Metè gan jetab lè ou pral manyen rad sal yon moun ki malad epi jete gan an aprè chak fwa ou fini itilize yo. Lave men ou aprè ou retire gan yo. Si pa gen gan pouw itilize lèw manyen rad sal, asirew ke ou lave men ou aprè sa.
- Pa souke rad sal yo. Sa ap minimize posiblite pou gaye viris nan lè a. Rad sal yon moun ki malad ka lave avèk rad lòt moun. Chwazi opsyon pouw itilize dlo ki pi cho a epi kite rad la byen sèk aprè.
- Netwaye ak dezenfekte panye rad la. Konsidere itilize yon sak jetab kew ka jete byen lwen aprè.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Siw pa gen moun ki pou pote medikaman oswa manje, tanpri rele Mary Day oswa Kris Magnussen nan nimewo sa 860.448.4882.